**REZYUME.** Maqola baxshichilik san'ati va uning chuqur tarixiga bag'ishlanadi. Shu bilan birga milliy musiqa va qo'shiqlarni yaratgan, xalqaro miqyosida katta obro'ga ega, qoraqalpoq baxshichilik san'atida o'z o'rniga ega bo'lgan ijrochilardan biri Aqimbet baxshi haqida so'z boradi. Aqimbet baxshi xalq musiqasini chuqur o'rganib, qoraqalpoq baxshichilik san'atining rivojlanishiga katta hissa qo'shgan o'z davrining kuychisi sifatida tilga olinadi.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена искусству дарения и его глубокой истории. Также речь идет об Акимбете бахши, одном из исполнителей, которое имеет место в каракалпакском бахши-искусстве. Акимбет бахши упоминается как певец своего времени, глубоко изучивший народную музыку и внесший большой вклад в развитие каракалпакского искусства бахши.

**SUMMARY.** The article is devoted to the art of giving and its deep history. We are also talking about Akimbet bakhshi, one of the performers who takes place in Karakalpak bakhshi art. Akimbet bakhshi is mentioned as a singer of his time, who deeply studied folk music and made a great contribution to the development of the Karakalpak art of bakhshi.

# INSANǴA MANIPULYACIYALÍQ TÁSIRDIŃ ÓZGESHELIKLERI

**O.Y.Joldasbayev** – *stajyor oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: axborot, manipuliyatsiya, g'oya, jamiyat, globalloshuv, ma'naviyat, inson, internet, psixologiya.

**Ключевые слова**: информация, манипуляция, идея, общество, глобализация, духовность, человек, интернет, психология.

**Key words**: information, manipulation, idea, society, globalization, spirituality, man, internet, psychology.

Búgin globallasıw óz tásirin ótkermegen hesh bir taraw qalmadı, desek durıs boladı. Dáslep ol mámlekettıń ekonomikalıq rawajlanıwında sáwlelengen bolsa, házirgi kúnge kelip kúndelikli turmısımızdıń barlıq qubılısların qamtıp aldı. Tariyxqa názer salsaq áyyemgi dáwirlerde xabar yáki maǵlıwmat qáwim sardarı hám shamanlar quralı bolıp kelgen. Adamnıń ómiri tek ǵana fizikalıq ortalıqta tabiyat dúnyasında júz bermey, al ol adam tárepinen dórelgen jasalma dúnyada da keńnen ashıladı. Xabar ortalıǵı adam tárepinen úzliksiz hám tez pát penen keńeyiwi sonday-aq, xabar ortalıǵına birikken túrde hár qıylı xabarlardıń ómir súriwi birdey waqıtta adekvat túrde qorshaǵan dúnyanı sáwlelendiriwshi xabardıń hám deformaciyalanǵan, burmalanǵan xabardıń ómir súriwi múmkin. Bunday bolıwınıń sebebleri retinde biliw procesiniń quramalılıǵı hám bizlerdiń dúnya haqqındaǵı bilimlerimizdiń tolıq emesligi, xabardı dóretiwshi adamlardıń subektivliligi, bir tárepke tartıwında kórinedi. Ayırım waqıtları sanalı túrde qorshaǵan ortalıqtaǵı adamlardı óz maqsetlerine jetiw ushın adastırıw hám óz is-háreketleri menen olarǵa jetkizilgen zıyandı basshılıqqa almay xabarlıq processlerdi qollanılıwı alıp qaraladı. Usı sebeplerge baylanıslı xabar ekologiyası, yaǵnıy adamnıń psixikasın jalǵan hám hádden tıs xabarlardan qorǵaw aktual máselege aylanadı.

Xabar resurstıń ózgeshe túri. Resurs – materiallıq predmetlerdi yáki energetikalıq, strukturalıq yamasa predmettiń qandayda bir basqa sıpatlamaların hám qandayda bir biliw zapasın beredi. Xabar resursları materiallıq resurslardan parıqlanadı, olar tawsılmaydı, qayta tiklew hám jańalanıwdıń basqasha metodların talap etedi. Ásirler dawamında xabarǵa hár qıylı pikirler berilgen. Bul sózdiń ulıwma qollanılatuǵın mánisi – nárseler, qubılıslar, waqıyalar h.b. haqqında qanday da bir maǵlıwmatlarǵa iye qálegen bayanlama. Xabar túsinigi latınsha "informatio" túsiniginiń mazmunı menen jaqın bolıp, túsindiriw bayan etiw degen mánisin bildiredi [1:38]. İlimiy ádebiyatlarda xabar – hár qıylılıqtı jetkerip beriw xabar – kóp túrliliktiń sáwleleniwi, kóp túrlilikti jetkerip beriw retinde túsindiriledi. Xabardıń keń mánisindegi táriypi kibernetika iliminde keltirilgen. Onıń tıykarshısı Norbert Vinerdiń jazıwınsha informaciya bul biz oǵan hám onıń bizin sezimlerimizge sáykesleniwshi, sırtqı dúnyadan alınǵan mazmundı túsindiriliwi [2:11].

Bul jerde ne sebepten xabarǵa hár qıylı anıqlamalar berilgen? - degen sorawdıń payda bolıwına filosofiya iliminde otız jıldan aslam waqıt ishinde xabardı izertleniwine baylanıslı hár qıylı, bir – birine qarsı turǵan eki metodologiyalıq usıldıń tásirin tiygizgenin kóriwimizge boladı. Olar atributivlik hám funkcionallıq usıllar dep ataladı. Atributivlik usılda xabar materiyanıń qásiyeti dep túsindiriledi. «Funkcionnalistler» xabardı tek ǵana ózin - ózi shólkemlestiriwshi, quramalı sistemalar menen baylanıstıradı. Olardıń arasındaǵı ayırmashılıq nede?

Birinshi usılda xabar janlı da, jansız da materiyanıń qásiyetin ańlatadı. Funkcionallıq usılda xabar tek ǵana janlı materiyanıń qásiyetin ańlatadı. Solay etip, atributivlik usıl berilgen túsinikti keń mániste alıp qaraydı, bizlerdiń pikirimizshe de, xabar materiyanıń universallıq qásiyetin beredi hám onıń deregi retinde jansız materiya da bolıwı múmkin.

Solay etip, dáslebinde xabar – adamlar tárepinen awızeki, jazba yamasa basqa usılda jetkerilip berilgen maǵlıwmatlardı beredi. Ol óz ishine adamlar arasında maǵlıwmatlar menen almasıwdı, sociallıq hám haywanlar dúnyasındaǵı hár qıylı obektler arasındaǵı signallar almasıwın qamtıydı.

Adam zárúrli xabardı: birinshiden, tikkeley tájiriybeden, ekinshiden, jeke qatnasıqtan, úshinshiden, xabardıń hár qıylı dereklerinen aladı. Jámiyettiń rawajlanıw nızamlılıǵı sıpatında informaciyalıq dereklerden (tikkeley tájiriybe hám jeke qatnasıqqa salıstırǵanda) alınatuǵın xabar muǵdarınıń kóbeyiwi hám onıń ústinlikke iye bolıwı alıp qaraladı. Adam, onıń kúndelikli turmısı adam ushın obektiv reallıqtıń tásirinen kem bolmaǵan «ekinshi reallıqtı», «subektivlik reallıqtı» dóretetuǵın massalıq kommunikaciyadan ǵárezli bolıp barmaqta. Bul jerde M.Gandidıń "Men úyimniń dárwaza hám esiklerin mudamı bekkem jawıp otıra almayman, sebebi úyime taza hawa kirip turıwı kerek. Sonıń menen birge ashılǵan esik hám aynalarımnan kirip atırǵan hawa dawıl bolıp úyimdi awdar – teńker qılıp taslawın, ózimdi bolsa jıǵıltıp jiberiwin qálemeymen" [3:56] degen pikiri búgingi kún ushın hám aktual másele bolıp qalmaqta.

Adamlarǵa xabar, xabar - psixologiyalıq tásir olardıń pútkil ómiri dawamında iske asırıladı. Massalıq kommunikaciya xabardı tayarlawdıń hám jetkerip beriwdiń arnawlı usıllarınan paydalanadı. Bul usıllardı massalıq kommunikaciya quralları, ǵalaba xabar quralları yaki mass-media dep ataydı hám olardı sinonimler túrinde qollanadı.

Xabar – psixologiyalıq tásirde manipulyativlik tásir túsinigi keńnen paydalanıladı. Manipulyaciya sóziniń túbiri latınsha manus sózinen alınıp, qol hám ple toltırıw [4:81]. Evropa tilleriniń sózliklerinde bul sóz obektlerge belgili bir maqsetler, niyetler tiykarında qatnas jasawdı ańlatadı (mısalı, qol menen basqarıw h.b.). Bunday is-háreketler ushın epshillik, sheberlik kerek. Texnikada mexanizmlerdi basqarıw ushın paydalanılatuǵın, ápiwayılastırıp aytqanda, qoldıń dawamı bolǵan aspablar (qurallar) manipulyatorlar dep ataladı.

Berilgen mazmunnan bul sózdiń zamanagóy astarlı mánisi, yaǵnıy obektler, nárseler sıyaqlı adamlarǵa bolǵan sheber qatnas kelip shıǵadı. Ingliz tiliniń Oksfordlıq sózliginde manipulyaciya «jek kóretuǵın podtekst penen berilgen, jasırın basqarıwdı yamasa qayta islep shıǵıwdı, adamlarǵa tásir etiw aktin yáki olardı epshil basqarıwdı» ańlatadı. Áyyemgi grek filosofı Platonnıń pikirine kóre, manipulyaciya-insan erkin boysındırıwǵa hám adamnıń pikirlewin basqarıwdı fizikalıq májbúrlewsiz baǵdarlawǵa imkan

beretuǵın qural dep keltiredi [5:81]. Nemec siyasatshılarınıń aytıwınsha, adamlarǵa xabar - psixologiyalıq tásirdiń róli hám áhmiyeti tómendegishe pikirde ayqın óz sáwlesin tabadı: «Áhmiyetli xabarǵa iye bolıw hákimiyat qa iye bolıwdı ańlatadı, áhmiyetli xabardı áhmiyetsiz xabardan parıqlay biliw onnan hám joqarıraq hákimiyatqa iye bolıwdı ańlatadı, áhmiyetli xabardı ózinniń mápińde tarqatıw yaki onı aytpaw eki ese kóp hákimiyatqa iye ekenligin ańlatadı». Haqiyqatında da xabarǵa iye boliw bul shaxs, yáki jamiyet ushın úlken resurs bolıp esaplanadı.

Manipulyaciyanıń eki aspektin bólip kórsetiwge boladı. Bular tuwrı hám metaforalıq ekinshi túrinde manipulyaciya bir táreplemeli utısqa iye bolıw ushın jasırın túrde adamlardı belgili bir is-háreketlerdi iske asırıwǵa iytermeleytugın olardıń psixologiyalıq sıpatlamaların hám halatların ózgertetugın psixologiyalıq tásir menen barabar isletiledi. Manipulyativlik tásirdiń obektleri retinde birliktiń hár qıylı dárejelerindegi sociallıq subektler (individten baslap jámiyetke shekem) alip qaraladı. Insannıń manipulyativlik tásirge beyimliliginiń kúsheyiwiniń psixologiyalıq shártlerin analizlegende adamnıń talapların basshılıqqa alıwımız tiyis. Adamda onıń sociallıq minez-qulqın anıqlaytuǵın talaplardıń bazalıq gruppaları boladı. Normal ómir keshiriw ushın olardıń kem degende ayrımlarınıń qanaatlandırılıwı shárt. Olardı qanaatlandırıw arqalı adam ózin iskerliktiń belgili túrlerine baǵdarlaydı. Insannıń psixologiyası juda quramalı ol bir waqıttıń ózinde eki parallel álemde jasaydı, biri real ómir hám ekinshisi qıyallar dúnyasında. Áhmiyetlisi insannıń qıyallar dunyasına sırttan tásir kórsetiw múmkin. Bul tásir barqulla jasırın xarakterge iye insannıń ózi bunı kóbinshe bayqamaydı. Bul jaǵdaydı manipuliyaciya mexanizmi basqaradı. Manipuliyaciyanıń áhmiyetli táreplerinen biri, ol arqalı obekttiń háreketlerin dásturlewge boladı. Manipulyator barqulla insannıń ruwxıy dunyasın gózleydi. Ol ruwxıy, psixologiyalıq tásir etiw túrin ańlatadı. Bul baǵdarda eń birinshi kitaplardıń qatarında nemec sociologi Gerbert Frankeniń 1964-jılı shıqqan «Manipulyaciyalanatuǵın adam» atlı kitabın alıp qarasaq boladı. Bul kitapta manipulyaciyalaw kópshilik jaǵdayda psixikalıq tásir mánisinde túsindiriledi, ol jasırın túrde iske asırıladı, kimge baǵdarlanǵan bolsa, sol adamǵa zıyan keltiredi. Ápiwayı mısal retinde reklama alıp qaraladı. Manipuliyaciya mexanizmi iske túsiw ushın jalǵan reallıq jaratıladı, hám bul jerde oǵan ǵalaba xabar quralları járdemge keledi. Ǵalaba xabar qurallari auditoriyaǵa maǵlıwmat formasındaǵı tayar juwmaqlardı usınadı. Keyinshelik bolsa bul kóz qaraslar adamlar tárepinen jeke juwmaqları sıpatında ózlestiriledi. Adamlar manipulyator tárepinen usınılgan sol is-háreketlerdi ámelge asırǵanda bunı hátte payqamaydi sebebi, bulardıń hámmesin óz qálewi erki menen orınlaytuginday etip sińdirip qoyǵan boladı. Yaǵnıy manipulyaciya jasırın tásir bolıp, bul fakt manipulyaciya obekti tárepinen bayqalmawı tiyis. Xabardı jasırıw – manipulyaciyanıń májbúriy belgisi. Solay etip, «manipulyaciya» termini metaforanı ańlatadı hám astarlı mániste qollanıladı. Nárseler menen qatnastaǵı qoldıń epshilligi bul metaforada adamlardı sheberlik penen basqarıwǵa (álbette, bul jerde qol menen emes, al arnawlı «manipulyatorlar» menen basqarıladı) ótkeriledi. Bul jerde tek ǵana sheberlik penen basqarıw, hátteki jasırın basqarıw alıp qaraladı.

Juwmaqlap aytqanda házirgi globallasıw sharayatında dúnya mámleketleri arasında júz berip atırǵan unamlı hám unamsız ózgerisler hámde jámiyetimizde júz berip atırǵan keyingi jıllardaǵı reformalardıń juwmaq shıǵarǵan halda húrmetli Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyevtıń tómendegi pikirleri menen tolıqtırıp ótsek boladı. “Dúnya tez pát penen ózgerip, turaqlılıq hám xalıqlardıń bekkem rawajlanıwına kesent etetuǵın túrli jańa qáwip hám qáterler júzege kelip atırǵan búgingi kúnde ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq, morallıq tárbiya, jaslardıń bilim alıwı, hám kámalǵa jetiwine itibar qaratıw hár qashanǵıdan da zárúrli bolıp tabıladı” [6:27]. Xabar resursı mámleketler rawajlanıwı ushın áhmiyetli faktorlardıń biri esaplanadı. Usı pikirlerden kelip shıǵa otırıp hár qanday xabardı qabıl etkenimizde onıń tásirine túsip qalmawımız ushın toplaǵan bilim hám tájriybelerimiz áhmiyetli orın tutadı.

## Ádebiyatlar


1. Мирзиёев Ш.М. Миллий тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. –Тошкент: «Ўзбекистон», 2017.
2. Falsafa. “Qomusiy lugat”. –Tashkent: «Sharq»? 2004.
3. Ózbekstan media bilimlendiriwdi jetilistiriw jolında oqıw qollanba. –T.: «Extremum-press», 2017.
4. Ergashev Sh., Xodjaev B. Jáhán tarıyxı. –T.: «TURON-IQBOL», 2017.
5. Reymov R., Allayarov, Prenov A. hám basqalar. Tusindirme sózlik (sociallıq, ekonomikalıq, huqıqıq hám mádeniy tarawlar boyınsha). –Tashkent: “Lesson Press”, 2023.



**REZYUME**. Bu maqolada axborotga berilgan ta’riflar va insonga axborot psixologik ta’sirda manipuliyatsiya tushunchasining keng qo‘llanishi haqida so‘z yuritiladi. Axborotni yashirish manipulyatsiyaning majburiy belgisi sifatida tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится об определениях информации и широком применений манипулирования при психологическом воздействии информации на человека. Утаевание информации анализируется как обязательный признак манипуляций.

**SUMMARY.** This article talks about the definitions given to information and the wide application of the concept of manipulation in the psychological effect of information on a person. Concealment information is analyzed as a mandatory sign of manipulation.


# BO‘LAJAK TASVIRIY SAN’AT O‘QITUVCHILARINING KASBIY-METODIK TAYYORGARLIGINI TAKOMILLASHTIRISHDA MUSTAQIL O‘QUV FAOLIYATI


**R.Z.Xayrov** – *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori, dotsent*
*Guliston davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** mustaqil o‘quv faoliyati, auditoriyadan tashqari, kredit-modul, pedagogik amaliyot davri, bilish, ko‘nikmalar va malakalar.

**Ключевые слова:** самостоятельная образовательная деятельность, внеаудиторный, кредитный модуль, период педагогической практики, знания, умения и квалификация.

**Key words:** independent educational activity, extraracurricular, credit module, period of pedagogical practice, knowledge, skills and qualifications.


O‘zbekiston Respublikasi oliy ta’lim tizimini 2030-yilgacha rivojlantirish konsepsiyasida mustaqil ta’lim soatlari ulushini oshirish, talabalarda mustaqil ta’lim olish, tanqidiy va ijodiy fikrlash, kreativ fiklash ko‘nikmalarini shakllantirishga asoslangan ilg‘or pedagogik texnologiyalarni keng joriy etish ustuvor vazifa sifatida qayd etilgan [1:1]. O‘quv jarayonida mustaqil o‘quv faoliyatidan foydalangan holda bo‘lajak o‘qituvchilarni tayyorlash zarurati va muammolari V.I.Andriyanova, Yu.K.Babanskiy, N.A.Vvedenskiy, O‘.Q.Tolipov, V.I.Zagvyazinskiy, U.N.Nishonaliev, O.A.Qo‘ysinov, N.A.Muslimov, D.R.Karimova, L.Zaripov va boshqalar asarlarida o‘z ifodasini topgan [4:74].